

BAB IV

HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Luyu jeung rumusan masalah, dina Bab IV dipedar ngeunaan 1) rupa-rupa pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri; 2) adat ngariksa kakandungan di Désa Jayagiri; 3) harti jeung fungsi pamali dina kakandungan pikeun masarakat Désa Jayagiri; jeung 4) bahan pangajaran ngeunaan pamali dina kakandungan nu disusun pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

4.1 Hasil Panalungtikan

4.1.1 Déskripsi Pamali dina Kakandungan nu Aya di Désa Jayagiri

Dumasar kana hasil panalungtikan, pamali dina kakandungan anu kapanggih tina 4 narasumber di Désa Jayagiri téh aya 62 pamali, 58 pamali pikeun awéwéna jeung 4 pamali pikeun salikana. Sangkan leuwih jéntré geura titénan ieu tabel.

Tabel 4.1

Tabél Pamali dina Kakandungan di Désa Jayagiri

No.	No Kode		Ungkara Pamali
	PAK (Pamali Awéwé Kakandungan)	PS (Pamali keur Salakina)	
(1)	(2)		(3)
1.	PAK 1		Teu meunang saré di mana waé jeung kudu maké bantal, sabab bakal ngabalukarkeun hésé waktu baris ngajuru.
2.	PAK 2		Teu meunang ngadahar tutut, bisi tunduh dina ngajuru.
3.	PAK 3		Teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang).
4.	PAK 4		Teu meunang ngadahar intip, bisi bali orok kaluarna hésé.
5.	PAK 5		Teu meunang ngadahar ganas, sabab bakal ngadatangkeun panyakit ateu dina pipina atawa koréng.
6.	PAK 6		Teu meunang diuk dina hareupeun panto

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBAWANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		atawa lawang panto (ngalong), bisi hésé ngajuru.
7.	PAK 7	Teu meunang mandi maké babaseuh, sabab bisi ngadatangeun panyakit anu ngaluarkeun cai waktu ngajuru.
8.	PAK 8	Teu meunang ngadahar endog kulub, sabab anakna engké bisi bisul dina sirahna.
9.	PAK 9	Teu meunang ngadahar salak, sabab engké bakal ngadangeun panyakit koréng dina sirahna.
10.	PAK 10	Teu meunang ngasaan angeun dina sinduk, bisi engké anakna goréng rupa.
11.	PAK 11	Teu meunang saré nangkarak, sabab bakal ngabaluarkeun engké budakna dilahirkeun dina kaayaan nangkarak.
12.	PAK 12	Teu meunang dahar kenyeup jeung lélé, bakal ngabaluarkeun anakna boga watek harak.
13.	PAK 13	Teu meunang diuk dina kulit: domba, sapi, munding, atawa diuk dina taneuh teu maké samak, sabab bisi ngaluarkeun darah saacan ngajuru.
14.	PAK 14	Teu meunang dahar belut, engké bisi budakna ulin waé.
15.	PAK 15	Teu meunang saré tibeurang, bakal ngabaluarkeun engké ngajuru dina kayaan kotor.
16.	PAK 16	Teu meunang neundeun gulungan samak, sabab bakal dideukeutan ku kuntilanak.
17.	PAK 17	Teu meunang dahar anu lada-lada, sabab ngabaluarkeun panyakit hésé miceun kokotor.
18.	PAK 18	Teu meunang nempo anu maot, bakal ngabaluarkeun budakna miboga rupa sepa jiga bangké.
19.	PAK 19	Teu meunang mawa botol dijingjing, sabab bakal ngabaluarkeun sirah orokna leutik.
20.	PAK 20	Teu meunang dahar waluh, sabab engké bisi gendut beuteungna.
21.	PAK 21	Teu meunang ngéwa ka nu goréng patut atawa goréng lampah.
22.	PAK 22	Teu meunang dahar hurang, sabab bakal hésé waktu ngajuru.
23.	PAK 23	Teu meunang suaban sasauran, bisi budakna teu sampurna (goréng).

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

24.	PAK 24	Teu meunang ngabeulitkeun anduk atawa beubeulitan kana beuheung, sabab bisi hésé ngajuru (ari-arina ngabeulit).
25.	PAK 25	Teu meunang dahar anu lada, sabab bisi budakna galak.
26.	PAK 26	Teu meunang dahar kerak sangu, sabab bali bisi hésé kaluar.
27.	PAK 27	Teu meunang nutup sangu panas-panas, sabab budakna boga panyakit hésé napas.
28.	PAK 28	Teu meunang kaleuleuwihi cua atawa mikaresep kana hiji perkara, kudu ngalakonan jeung ngadengé perkara anu hadé, sangkan budakna engké sampurna.
29.	PAK 29	Teu meunang ngeusian batal atawa kasur, sabab bisi budakna sarakah.
30.	PAK 30	Teu meunang dahar dina piring anu gedé, ngarah santenna leutik.
31.	PAK 31	Teu meunang meuleum daun cau, sabab budakna bisi tonggongna biru (leleumeungeun).
32.	PAK 32	Teu meunang mandi silanglang, sabab budakna bisi silanglang waktu borjolna.
33.	PAK 33	Teu meunang ngobrol lila-lila di imah batur, sabab bisi budakna boga tabéat teu betah cicing di imah.
34.	PAK 34	Teu meunang nalika aya kai anu ngahalangan dina titincakan diléngkahan.
35.	PAK 35	Teu meunang nalika aya cai mendet tina pancuran diantepkeun waé, kudu dibenerkeun, sabab bisi budakna hésé ngaluarkeun kokotor (mampet).
36.	PAK 36	Teu meunang cicing waé, upama aya lini atawa samagaha anu kakandungan kudu nyumput ka kolong tuluy mandi jeung barang dahar, sabab bisi ada tandaan budakna.
37.	PAK 37	Teu meunang ngarumbaykeun buuk, sabab kunti anak bakalan resep (aya nu nuturkeun).
38.	PAK 38	Teu meunang disinjang dina dada, ngabalukarkeun orok olab waé.
39.	PAK 39	Teu meunang ditiung anduk, ngabalukarkeun orok olab waé.
40.	PAK 40	Teu meunang ngadahar tiwu jeung cangkangna, sabab budakna bisi suing.
41.	PAK 41	Teu meunang kucas-kécos ngaputan ti peuting, bisi dideukeutkan ku mahluk goib.
42.	PAK 42	Teu meunang ngadahar haseum loba teuing, sabab bisi budakna goréng budi.
43.	PAK 43	Teu meunang ngadahar jambu urut kalong, sabab bisi budakna borok pinareup.
44.	PAK 44	Teu meunang dahar cau déngkép, sabab bisi budakna déngkép.

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

45.	PAK 45	Teu meunang diuk sabari ucang-ucangan dina golodog jangkung, sabab bisi hesé waktu ngajuru.
46.	PAK 46	Teu meunang nalika di jamban barala diantepkeun baé, kudu mindeng bebersih, ngarah ngajuruna bérsih.
47.	PAK 47	Teu meunang ngadahar endog hayam, bisi budakna congé.
48.	PAK 48	Teu meunang kuramas sareupna, sabab bisi maot salamangsa.
49.	PAK 50	Teu meunang dahar baso, sabab bisi budakna gedé di jero.
50.	PAK 51	Teu meunang nginum cai és , sabab bisi budakna gedé di jero.
51.	PAK 52	Teu meunang dahar dina batok, sabab bisi budakna gedé di jero.
52.	PAK 53	Teu meunang dahar sambel, sabab bisi budakna bareureum dina damisna.
53.	PAK 54	Teu meunang kukumpul parabotan orok saméméh tujuh bulan, bisi teu jadi.
54.	PAK 55	Teu meunang sadangu-dangu, matak sok kajadian.
55.	PAK 56	Teu meunang nyaliksik ti peuting, bisi diganggu ku mahluk goib.
56.	PAK 56	Teu meunang nalika ngajait sangu teu jeung langsendra, sabab matak hésé dina ngajuru.
57.	PAK 57	Teu meunang ngomong kamana waé, kudu ngucapkeun amit-amit, sabab bisi kajadian goréng.
58.	PAK 58	Teu meunang teu ngagugu kahayang nu keur kakandungan, bisi budakna ngacay waé waktu geus kaluarna.
59.	PS 59	Teu meunang peupeuncitan, bisi budakna teu sampurna, siga sato anu dipeucit. (Pikeun salakina).
60.	PS 60	Teu meunang nyiksa sasatoan, bisi budak mangrupa sato anu disiksa éta. (Pikeun salakina).
61.	PS 61	Teu meunang nguseup, bisi budakna teu sampurna, biwirna suing siga lauk. (Pikeun salakina).
62.	PS 62	Teu meunang ngadu hayam, ngadu domba jrrd. (Pikeun salakina).

4.1.2 Adat Ngariksa Kakandungan

Adat ngariksa awéwé nu keur kakandungan nya éta adat waktu reuneuh jeung nyiram. Dina waktu reuneuh éta, awéwé nu keur kakandungan ogé boga

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngaran anu dipatalikeun jeung sajarah jadinya manusa salila aya dina kandungan indungna.

4.1.2.1 Ngaran-ngaran Kakandungan

Dina (Soeganda, 1982, kc. 22) ngaran-ngaran awéwé nu keur kakandungan aya sapuluh kajadian nya éta:

- 1) bulan kahiji (reuneuh sabulan) disebut ngahérang, nya éta, sangkan suci atawa beresih, anu hartina kandungan masih kaciri herang. Dina basa agamana nya éta *Alkah*;
- 2) bulan kadua (reuneuh dua bulan) disebut lumenggang, nya éta sangkan kentel, anu hartina geus kentel sanajan transparan kénéh (ngalangkang). Dina basa agamana nya éta *Kasapah*;
- 3) bulan katilu (reuneuh tilu bulan) disebut kumambang, hartina geus mengkel jeung buleud. Dina basa agamana nya éta *Nutpah*;
- 4) bulan kaopat (reuneuh opat bulan) disebut umulung nya éta, sangkan hiji, anu hartina, geus padet tur buleud. Dina basa agamana nya éta *Amarullah*;
- 5) bulan kalima (reuneuh lima bulan) disebut mangrupa, sabab dina bulan éta, geus mangrupa jelema, hartina geus kaciri bungkeuleukanana. Dina basa agama nya éta *Ahmad*;
- 6) bulan kagenep (reuneuh genep bulan) disebut usik, anu hartina, janin geus karasa usik. Dina basa agamana nya éta *Ahmad*;
- 7) bulan katujuh (reuneuh tujuh bulan) disebut malik, anu hartina, geus sampurna anu ngawujud manusa jeung geus bisa gerak, posisina geus bisa malik. Dina bahasa agamana nya éta *Muhammad*;
- 8) bulan kadalapan (reuneuh dalapan bulan) disebut kumentar-kumentir, anu hartina geus bisa néangan jalan kaluar. Dina basa agamana nya éta *Muhammad*;
- 9) bulan kasalapan (reuneuh salapan bulan) disebut ngaruang-ruang, anu miboga harti, geus aya jalan pikeun kaluar tinggal nungguan waktuna kaluar, anu biasana umur kandungan salapan bulan téh sok disebut bulan alaeun. Dina bahasa agamana nya éta *Muhammad*;

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

10) ahir bulan kasalapan atawa asup bulan kasapuluh, orok dibabarkeun. Éta sok disebut ngaran Rosululloh jeung ngaran kolot beheula. Umur kandungan anu teu normal nya éta leuwih ti salapan bulan biasana sok disebut reuneuh mundingeun.

4.1.2.2 Peristiwa sarta Adat Ngariksa waktu Kakandungan

Pikeun awéwé nu keur kakandungan aya peristiwa sarta adat dina ngariksa kakandungana dimimiti nyiram, reuneuh tilu bulan, reuneuh opat bulan, reuneuh lima bulan, reuneuh tujuh bulan, reuneuh jeung salapan bulan.

1) Nyiram

Dina (Soeganda, 1982, kc. 11) nyiram nya éta sarua hartina jeung pepelakan, maksudna sangkan nyiram téh sarua jeung pepelakan tumuwuh tur seger. Pikeun masarakat Sunda geus jadi adat upama aya salaki pamajikan anu dina hiji mangsa salakina ngarasa sarebel atawa utah-utahan jeung hayang waé ngadahar anu haseum-haseum utamana bungbuahan, éta téh mangrupa ciri yén pamajikanna bakal reuneuh. Lilana lalaki nyiram nya éta opat puluh poé, ieu perkara ku kolot baheula disebutna nyiram opat puluh poé.

Sanggeus lalakina eureun nyiram kakara ka pamajikannana. Lilana ti mimiti henteu kareseban salila tilu bulan. Jalma anu ngidam awakna karasa leleus, rieut, seueul, gedé ambek, jeung loba nu dipikahayangna. Luyu jeung carita kolot sababna jalma nu ngidam ngarasa mual jeung utah-utahan waé lantaran keur diasupan bali. Pikeun ngubaran mual, rieut jeung laleuleus éta kudu ngadahar nu haseum-haseum utamana bungbuahan. Kadang-kadang ngarasa geleuh ka batur, salaki atawa kulawarga. Aya ogé anu geleuh kana pakakas anu biasa dipaké sapopoé.

Ku kolot biasana perkara anu garoréng sok dijauhkeun tapi anu alus sok tembong-tembongkeun. Upamana aya tamu anu alus rupana ka imah, sésa

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyuguhan kudu didahar, tapi upama manggihan tamu anu cacat kudu diciduhan pundukna. Sagala kahayang anu ngidam kudu diturutkeun, lantaran ayana kapercayaan yén upama teu katurutkeun budakna bakal ngelay waé.

2) Reuneuh tilu bulan

Dina reuneuh tilu bulan, biasana sok diayakeun sukuran. Sukuran ieu biasana sok aya bubur beureum jeung bubur bodas anu ditunda sapiring. Ieu téh mangrupa lambang, bubur beureum lambangna napsu lalaki jeung bubur bodas ngalambangkeun napsu awéwé. Alatan jadinya budak tina napsuna ieu, ku sabab éta kudu ménta ka Gusti sangkan budak anu aya dina kandungan berkah tur salametan. Kadang-kadang dina salametan ieu sok ngayakeun cai dina jero kendi atawa minyak wijén atawa minyak kalapa. Sanggeus maca doa salamet, cai jeung minyak didoan deui ku doa nurbuat, nya éta doa kasampurnaan sangkan budak anu dikandung sampurna. Cai pikeun diinum jeung minyak dipaké obat atawa dipaké ngabalur beteung jalma anu keur reuneuh.

3) Reuneuh opat bulan

Waktu nincak kana opat bulanna, sok diayakeun acara kupat, leupeut jeung tangtang angin jeung teu meunang ngayakeun acara sadekahan. Upacara opat bulanan dilaksanakeun minangka béwara ka tatangga jeung dulur-dulur nu dareukeut, yén hiji awéwé keur aya dina mangsa kakandungan. Biasana ieu upacara dilaksanakeun ku cara ngondang ibu-ibu pangajian pikeun maca doa salamet, biasana mah doa nurbuat atawa doa lianna sangkan orokna séhat, salamet, sarta sampurna teu kakurangan nanaon.

4) Reuneuh lima bulan

Dina reuneuh lima bulan, biasana sok aya sedekah bangsal atawa gabah. Bangsal ditunda dina bokor anu ditutupan ku daun waluh. Maksud sodakoh ieu nya éta palakiah dina éta hal, miboga lambang sangkan musibah anu bakal datang henteu ka alaman. Salian ti acara kagiatan bangsal, sok diayakeun nasi tumpeng

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung nasi uduk anu di jerona aya endogan. Bangsal anu diwadahan ku bokor sarta di luhurna ditutupan ku daun waluh, maksud dina kecap “bangsal” sacara metonomis mirip kecap “bengsal” (naas), sedengkeun kecap “waluh” sacara metonomis ngaharib-harib kana kecap “waluya” (salamat). Jadi, maksud utama ayana hajat bangsal téh nya éta ngaleungitkeun sagala anu naas; sué sarta diganti ku kawalayaan.

5) Reuneuh tujuh bulan

Dina reuneuh tujuh bulan aya nu sodakoh aya nu henteu, biasana sok diayakeun salametan tujuh bulan. Sodakoh tujuh bulan ieu disebut tingkeb atawa tebus weteng atawa babarik. Tingkeb hartina tutup, anu maksudna sodakoh anu panutup. Ti harita nepi ka opat puluh poé orokan teu meunang dibuka salila can nepi waktuna. Tebus weteng asalna tina kecap tebus wetengan, tebus hartina mayar, weteng hartina budak anu aya dina jéro kandungan. Jadi maksudna nya éta mayar atawa sodakoh anu nyalametkeun ku sabab anu dikandung geus mangrupa manusa, jadi kudu mulang tarima ka Gusti. Babarik asalna tina kecap barik, anu hartina babarengan. Sodakoh babarik hartina sodakoh anu nyalametkeun nu keur ngandung babarengan jeung anu dikandung.

Sarat-sarat jeung aturan pikeun sodakoh nya éta:

- (1) kudu aya bubur beureum jeung bubur bodas;
- (2) kudu ditetepkeun waktuna, biasana kudu dina tanggal bulan hijriah anu kudu aya angka tujuhna;
- (3) kudu aya rupa-rupa aangeunan bahanna diantaranya hui, bonteng, waluh jeung rupa-rupa kacang, endog jeung lauk;
- (4) daging sato anu dipeuncit jiga sapi, munding jeung domba teu meunang dipaké sodakoh tingkeb. Sabab bisi budak anu dikandung nurut buat, cacad, atawa tilar dunya saperti sato anu dipeuncit;
- (5) kudu disadiakeun ogé kembang tujuh rupa, mayang jambé, daun hanjuang, daun kelewih, daun kamuning, waluh badag, daun jawér kotok, daun

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jaringao, kalapa gading anu gampang di ukir jeung di béré gambar wayang anu alus, biasana gambar Arjuna atawa Subadra;

- (6) kudu aya ogé tujuh jarum, daun tempat rujak kanistrén nya éta rujak lada anu di réndos tina huhuian, cau ngora, ceremé, jambu, balingbing, buah ngora, jrrd. Disadiakeun ogé tempat pikeun bubur beureum jeung bubur bodas;
- (7) lamak panjang warna bodas tujuh lambar, belut tujuh siki, elekan nya éta awi leutik kira-kira panjangna sajengkal tujuh siki, ayakan awi tujuh siki, langseng jeung cai atah di jero kendi.

Prak-prakanna nya éta:

- (1) waktu sodakoh biasana jam tujuh isuk-isuk;
- (2) ngamimitian disadiakeun cai dina buleng gedé anu dieusi tujuh rupa kembang jeung dangdaunan ogé belut. Disagigireunna disadiakeun rujak. Jalma-jalma nu aya ngadoa tuluy nyokot cai anu dina kendi tur didoan nurbuat anu satuluyna diinum babarengan. Cai dina kendi anu geus didoan dipaké mandi ku jalma anu keur ngandung;
- (3) cara mandina nya éta paraji ngaguyurkeun cai sagayung, tuluy digantikeun ku indung atawa dulur awéwé anu pangkolotna ti jalma anu ngandung éta, tuluy diganti deui ku dulur awéwé anu leuwih ngora, tutuluyan kitu nepi ka kabeh duduluran awéwéna ngamandian. Cai anu dikukurkeun ditandéan ku ayakan dina luhureun sirah, dina ayakan éta ditundaan duit ringgit atawa pérak atawa perhiasan tina emas. Sanggeus dibanjur sampingna diganti nepi ka tujuh kali;
- (4) dina waktu dibanjur anu katujuh kalia, paraji ngasupkeun batu pipisan terus endog hayam elekan jeung cengkir gading;

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (5) satuluyna endog dipeupeuskeun ku paraji tapi cengkir gading anu diragragkeun kudu disanggap ku salakina anu satuluyna dibeulah ku bedog sakali kadék. Belut anu sawareh diasupkeun kana samping anu sawareh deui ditunda dina kendi;
- (6) sanggeus mandi sésa cai dina kendi, elekan, belut, jeung cengkir gading dibawa ku salakina tur dipiceun ka tengah simpang jalan. Dina waktu balik teu meunang luak-lieuk ka kénca ka katuhu, kudu tungkul nepi ka imah;
- (7) jalma anu dimandian sanggeus ganti ku samping atawa ku baju anu garing diuk hareupeun tempat rujak kanistrén siga jalma nu keur dagang. Jalma-jalma anu geus menta rujak disimbeuh ku cai saeutik sangkan jadi galumbira, sabab awéwé anu keur kakandung kudu gumbira sangkan bagja;
- (8) jalma-jalma anu bubar ti babarik kudu babarengan ulah nyorangan, kaluarna ogé kudu ti panto anu béda jeung panto asupna;
- (9) sanggeus beres mandi kudu séwaka nya éta mere beas kira-kira lima liter, kalapa sahulu, gula, kopi, seureuh, jeung kukuéhan ka paraji. Upama anu kakandung mendeking (kakandung anu teu biasa) kudu méré paré, endog sasiki, jeung minyak kalapa sabotol. Sanggeus séwaka nu keur reuneuh di gédog nya éta nangkarak dina solendang paraji terus di bebetot sangkan budak anu dina kandungan bener posisina;
- (10) sanggeus sagala réngsé nu kakandung dibéré jimat ku paraji pikeun dijadikeun beubeur. Jimat ieu aya dua rupa aya anu tina benglé atawa kanteh.

Ma'na-ma'na tina pakakas nu dipaké nya éta:

- (1) simbol sangkan duna ngalahirkeuna salamet, siga cengkir rag-rag tina tangkal atawa belut kaluar tina liang, jeung kawas élékan anu molongo euweuh hahalang;
- (2) daun hanjuang, ngabogaan simbol papatah yén manusa moal hirup lila. Manusa kudu ngabogaan paripolah anu hadé tur teu mawa codéka;
- (3) mayang jambe, harti tina kecap hayang sing hade;

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- (4) kembang tujuh rupa, simbol tina tujuh makna : hirup, kakuatan, tetenjoan, dedengean, omongan, rarasaan, jeung kahayang. Tujuh rupa ieu kudu hade;
- (5) cai ngalambangkeun jalan pikeun néangan kahadéan dina paripolah nya éta kucara néangan élmu.
- (6) ayakan hartina sagala élmu kudu disaring mana nu hadé jeung mana nu goréng sangkan mangpaat dunya ahérat;
- (7) cengkir gading anu digambar wayang anu hadé jeung dibeulah sakeplah maksudna sangkan paripolah budak nurut buat kana gambar;
- (8) belut maknana sangkan dina ngalahirkeun babari kaluarna. Tur ngalambangkeun kudu wijaksana, tur pinter sangkan teu ditipu batur;
- (9) rujak kanistrén anu dijieuna tina bungbuahan jeung rupa-rupa bungbu ngalambangkeun hirup bakal sagala karasa.

f) Reuneuh salapan bulan

Biasana sodakoh bubur lolos nya éta bubur tipung anu rada kentel di bungkus daun cau anu geus di leumpeuh, dibéré minyak terus digulung-gulung. Maksudna sangkan gampang dina waktuna orok langsar (lolos). Aya ogé nu sodakoh tumpeng jeung lampu leutik, maksudna sangkan budakna caang haténa. Salila kakandungan sagala barang pusaka ditunda di tatangga lantaran bisi mawa kasusah dina orokan. Dina nincak kana salapan bulan ogé para sepuhna atawa salakina nyiapkeun rupa-rupa dangdaunan atawa beubeutian pikeun nyanghareupanna ngajuru. Anapon dangdaunan anu diperlukeun, nya éta pucuk daun singungu, daun tété, daun kamuning, daun ganas, pucuk daun awi tali, daun kahitutan, daun bau, daun sembung, daun jawer kotok, daun galing, daun urang-aring, séréh, daun tarawés, jeung daun tilem. Anu mangrupa beubeutian, nyaéta konéng santen, konéng gedé, konéng temen, konéng hideung, konéng joho, konéng bodas, lampuyang, laja, konéng, panglay, katambar, jeung bawang bodas. Anu mangrupa akar-akaran nyaéta akar bawang bodas,

akar carulang, akar tétér, akar kanyéré, akar tapakliman, akar kiambang, jeung akar dadap. Mangrupa sisikian nyaéta siki jaat, peundeuy, béas ketan hideung, béas ketan beureum, pala, cengkéh, rejek, jamuju, santen, rinu, matahiang, katuncar, jeung tampar hantu. Mangrupa kulit tangkal, nya éta tangkal sintok, pucuk masoji, jeung kayu manis. Salian ti éta ogé, pikeun nolak iblis anu sok ngaganggu samodél siga kuntilanak, kudu nyadiakeun panglay, jaringao, daun salam, jeung jukut palias, anu di gantungkeun dina tempat anu ngajuru.

4.1.3 Harti jeung Fungsi Pamali dina Kakandungan pikeun Masarakat Désa Jayagiri

Tina hasil panalungtikan ngeunaan pamali dina kakandungan di Désa Jayagiri, dina rupa-rupa pamali anu geus dimeunangkeun éta yén unggal pamali boga harti jeung fungsina sewing-séwang.

- 1) *Teu meunang saré di mana waé jeung kudu maké bantal, sabab bakal ngabalukarkeun hésé waktu baris ngajuru.*

Maksud dina ieu pamali téh yén awéwé nu keur kandungan kudu apik, saré tong di mana waé kapan aya tempatna ari saré mah nya éta di kasur (kamar), sarta saré téh kudu maké bantal sabab kanyaan orok anu aya di jéro beuteung jeung si indung kudu aya dina kaayaan hadé.

- 2) *Teu meunang ngadahar tutut, bisi tunduh dina ngajuru.*

Maksud dina ieu pamali teu meunang ngadahar tutut, bisi tunduh dina ngajuru, sabab tutut mah nyumput dina cangkangna, dianalogikeun tutut di jero cangkang téh saré ceunah ceuk kolot mah tara ngalakukeun pagaéan siga sato séjénna.

- 3) *Teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang).*

Awéwé nu keur kakandungan teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang), éta hal dina adat kasopanan mah

kurang hadé, komo deui awéwé geus aya aturan kumaha cara diuk anu hadé nya éta kudu émok jeung rapet.

4) *Teu meunang ngadahar intip, bisi bali orok kaluarna hésé.*

Maksudna teu meunang ngadahar intip, bisi bali orok kaluarna hésé nya éta ari nu keur kakandungan mah kudu dahar téh dipilih, mana anu hadé keur si utun mana anu heunteu, sabab sagala kandungan gizi awéwé nu keur kakandungan kudu kacumponan.

5) *Teu meunang ngadahar ganas, sabab bakal ngadatangkeun panyakit ateul dina pipina atawa koréng.*

Maksudna teu meunang ngadahar ganas, sabab bakal ngadatangkeun panyakit ateul dina pipina atawa koréng nya éta sabab pikeun urang Sunda mah ganas salasihiji bungbuan anu dipantrang pisan pikeun awéwé parawan boh awéwé ku keur kakandungan sabab kapercayaan kolot jaman baheula ganas mangrupa buah anu seukeut, ngabalukarkeun ateul.

6) *Teu meunang diuk dina hareupeun panto atawa lawang panto (ngalong), bisi hésé ngajuru.*

Maksudna nya éta teu meunang diuk dina hareupeun panto atawa lawang panto (ngalong), bisi hésé ngajuru téh suku jeung awak teu kajero teu kaluar jadi matak ngalangan ogé batur. Ceuk kolot si orok engkéna teu kaluar-keluar padahal geus waktuna ngajuru. Jadi hadéna mah diuk cing bener ditempatna.

7) *Teu meunang mandi maké raksukan baseuh, sabab bisi ngadatangkeun panyakit anu ngaluarkeun cai nalika ngajuru.*

Maksudna nya éta teu meunang mandi maké babaseuh, sabab bisi ngadatangkeun panyakit anu ngaluarkeun cai waktu ngajuru, ari nu keur kakandungan mah kudu sagala apik, sabab manéhna salian ngajaga diri sorangan, ngajaga ogé si utun anu aya di jero.

8) *Teu meunang ngadahar endog kulub, sabab anakna engké bisi bisul dina sirahna.*

Pamali teu meunang ngadahar endog kulub, sabab anakna engké bisi bisul dina sirahna ieu ngan saukur pantrangan kolot jaman baheula anu teu apal naon hartina.

- 9) *Teu meunang ngadahar salak, sabab engké bakal ngadangkeun panyakit koréng dina sirahna.*

Pamali teu meunang ngadahar salak, sabab engké bakal ngadangkeun panyakit koréng dina sirahna ieu ngan saukur pantrangan kolot jaman baheula anu teu apal naon hartina, ceunah cangkang dina salak téh sekeut, koréng teu mulus, jadi nu keur kakandung bisi miboga budak sirahna siga cangkang salak.

- 10) *Teu meunang ngasaan angeun dina sindukna, bisi engké anakna goréng rupa.*

Maksudna teu meunang ngasaan angeun tina sindukna, bisi engké anakna goréng rupa nya éta patalina jeung ajén étika, kasopanan kapan aya parantina ari dahar sayur mah nya éta maké séndok. Sinduk didieu digambarkeun téh barang anu gedé, teu pantes dahar maké sinduk.

- 11) *Teu meunang nangkarak, sabab bakal ngabalukarkeun engké budakna dilahirkeun dina kaayaan nangkarak.*

Maksudna teu meunang nangkarak, sabab bakal ngabalukarkeun engké budakna dilahirkeun dina kaayaan nangkarak, sabab anu dipilampah ku nu keur kakandung mah lain saukur manéhna hungkul anu ngarasakeun tapi aya si utun anu ngarasakeun ogé, jadi kalakuan indungna salila kakandung bakal dirasakan ogé ku si utun, balukarna engké nalika ngajuru kitu ceuk kolot mah.

- 12) *Teu meunang dahar keyeup jeung lélé, bakal ngabalukarkeun anakna boga watek harak.*

Maksudna teu meunang dahar keyeup jeung lélé, bakal ngabalukarkeun anakna boga watek harak, ari kolot jaman baheula mah dipikiranna mah keping jeung lélé téh sabangsaning kadaharan laut anu miboga watek goréng sabab capitna seukeut, ku kituna kolot jaman beuheula teu meung

nu keur kakandungan dahar kapiting jeung lélé. Padahal di jaman kiwari mah ngadahar kapiting jeung lélé téh diajurkeun pisan sabab kapiting jeung lélé ngandung protein anu gedé pisan, oméga 3, jeung vitamin B12.

- 13) *Teu meunang diuk dina kulit domba, sapi, kebo atawa diuk dina taneuh teu maké samak, sabab bisi ngaluarkeun darah saacan ngajuru.*

Maksudana teu meunang diuk dina kulit domba, sapi, kebo, atawa diuk dina taneuh teu maké samak, sabab bisi ngaluarkeun darah saacan ngajuru téh awéwé nu keur kakandungan kudu apik ulah sok diuk dimana waé.

- 14) *Teu meunang dahar belut, engké bisi budakna ulin waé.*

Maksudna teu meunang dahar belut, engké bisi budakna ulin waé sabab belut téh leur hésé dicokotna ari belut mah, tah éta téh dianalogikeun budak anu hésé diaturna siga belut anu sok ulin kamana waé.

- 15) *Teu meunang saré tibeurang, bakal ngabalukarkeun engké ngajuru dina kayaan kotor.*

Maksudna teu meunang saré tibeurang, bakal ngabalukarkeun engké ngajuru dina kayaan kotor, logikana saré tibeurang ngajieun jalma jadi horéam teu pigawé hal-hal anu hadé, sarta waktu teu digunakeun sacara éfisién.

- 16) *Teu meunang nendeun gulungan samak, sabab bakal dideukeutan ku kuntilanak.*

Maksud teu meunang nendeun gulungan samak, sabab bakal dideukeutan ku kuntilanak, ceuk kolot samak téh dijieun tina tangkal awi, ari tangkal awi téh tempatna karesep kuntilanak. Tapi ari sacara logika mah euweuh patalina pamali ieu téh, ngan ari papatah ti kolot éta téh ti leuwih pikeun urang ati-ati ari barang simpen téh.

- 17) *Teu meunang dahar anu lada-lada, sabab ngabalukarkeun panyakit hésé miceun kokotor.*

Maksud dina éta pamali téh yén awéwé nu keur reuneuh teu meunang ngadahar lada-lada, sabab ngabalukarkeun panyakit hésé miceun kokotor, lada dihasilkeun dina cabé-cabéan rasana panas.

18) *Teu meunang nempo anu maot, bakal ngabalukarkeun budakna miboga rupa pucat jiga bangké.*

Maksudna teu meunang nempo anu maot, bakal ngabalukarkeun budakna miboga rupa pucat jiga bangké nya éta biasana kolot jaman baheula sok réa pantrangan-prantrangan sangkan budakna teu milampah éta sok sieun aya nanaon, tah ku kituna dina pamali ieu nu keur kakandung mah sok loba gagangguna ti mahluk goib jeung sabangsana, lantaran kitu ningali anu maot téh dipahing pisan.

19) *Teu meunang mawa botol dijingjing, sabab bakal ngabalukarkeun sirah orokna leutik.*

Maksudna teu meunang mawa botol dijingjing, sabab bakal ngabalukarkeun sirah orokna leutik, pamali éta asa teu asup akal nalika nu keur kakandung bawa botol matak budak sirahna leutik, meureunan éta téh ngan saukur diibaratkeun hungkul kapan model botol téh luhurna mah leutik kahandapna gedé.

20) *Teu meunang dahar waluh, sabab engké bisi gendut beuteungna.*

Maksudna teu meunang dahar waluh, sabab engké bisi gendut beuteungna nya éta kolot jaman baheula ngaibaratkeun waluh anu bentukna luhurna leutik sarta handapna gedé.

21) *Teu meunang ngéwa kanu goréng patut atawa goréng lampah.*

Maksudna teu meunang ngéwa ka nu goréng patut atawa goréng lampah nya éta urang jadi jalma kudu miboga haté anu jembar tur hadé, sabab sakabeuh mahluk ciptaan Allah SWT sakumaha rupana siga kumaha ogé, sarta upama aya jalma kalakuanna goréng urang cukup ngaduakeun sangkan manéhna bisa robah.

22) *Teu meunang dahar hurang, sabab bakal hésé nalika ngajuru.*

Maksudna teu meunang dahar hurang, sabab bakal hésé nalika ngajuru, sabab musabab kolot jaman baheula sasauran kitu teu apal anu jadi dadasarna.

23) *Teu meunang sasauran anu goréng, bisi budakna teu sampurna.*

Maksudna teu meunang sasauran anu goréng, bisi budakna teu sampurna, urang jadi jalma teu téh tong sok ngomong naon waé, tong saomong-omong lamun lain omongeunanana, komo ngomongkeun kagoréngan batur mah, urang kudu bisa ngajaga haté batur ogé bisi batur nyeuri hatéun kana naon nu ku urang ucapkeun, hirup di masarakat tangtuna urang kudu ngajaga aib batur.

- 24) *Teu meunang ngabeulitkeun anduk atawa beubeulitan kana beuheung, sabab bisi hésé ngajuru (ari-arina ngabeulit).*

Maksudna teu meunang ngabeulitkeun anduk atawa beubeulitan kana beuheung, sabab bisi hésé ngajuru (ari-arina ngabeulit), ari kolot jaman baheula sok patalikeun rupa-rupa hal anu ditempona. Pamali éta eusina sangkan urang kudu bisa milih-milih naon anu dipaké.

- 25) *Teu meunang dahar anu lada, sabab bisi budakna galak.*

Maksud dina éta pamali téh yén awéwé nu keur kakandungan teu meunang ngadahar lada sabab bisi budakna boga pasipatan galak, lada ibaratkeun sipat ambek, sabab nalika jalma keur ngasarakeun lada bawaanna téh sok hayang ambek waé, kitu deui ieu pamali téh diibaratkeun siga cabé anu panas.

- 26) *Teu meunang dahar kerak sangu, sabab bali bisi hésé kaluar.*

Maksudna teu meunang dahar kerak sangu, sabab bali bisi hésé kaluar nya éta sangkan nu keur kakandungan mah dahar teh kudu dipilih naon anu hadé jeung naon-naon waé nu teu hadé.

- 27) *Teu meunang nutup sangu panas-panas, sabab budakna boga panyakit hésé napas.*

Maksudna teu meunang nutup sangu panas-panas, sabab budakna boga panyakit hésé napas téh kolot jaman baheula mah saukur nyambung-nyambungkeun hiji hal jeung hal séjénna sok loba kaasieun, sangu panas ngebul kénéh terus ditutupan matak eungap kitu ari disambungkeun jeung pamali éta téh, tapi lamun dipikir sacara logika mah euweuh patalina kadua éta hal téh.

28) *Teu meunang kaleuleuwihi cua atawa mikaresep kana hiji perkara, kudu ngalakonan jeung ngadéngé perkara anu hadé, sangkan budakna engké sampurna.*

Maksudna teu meunang kaleuleuwihi cua atawa mikaresep kana hiji perkara, kudu ngalakonan jeung ngadéngé perkara anu hadé, sangkan budakna engké sampurna nya éta urang hirup kumbuh di masarakat téh ulah miboga haté anu goréng, goréng sangka ka batur sarta ulah sadéngé-déngé lamun lain dédéngéanana.

29) *Teu meunang ngisian batal atawa kasur, sabab bisi budakna sarakah.*

Maksudna teu meunang ngeusian batal atawa kasur, sabab bisi budakna sarakah, ngisian bantal atawa kasur di dieu nya éta ngasupkeun piparantieun eusi bantal atawa kasur samodél busa kajérona. Tapi ari diipikir sacara logika mah euweuh patalina anantara ngisian batal atawa kasur jeung calon budakna engké bakal sarakah.

30) *Teu meunang dahar dina piring anu gedé, ngarah santenna leutik.*

Maksud dina éta pamali téh yén awéwé nu keur kakandungan kudu dahar dina piring leutik atawa pisin, ngarah santenna atawa pandiukan orokna leutik.

31) *Teu meunang meuleum daun cau, sabab budakna bisi tonggongna biru (leleumeungeun).*

Maksudna teu meunang meuleum daun cau, sabab budakna bisi tonggongna biru (leleumeungeun), di dinya daun cau warnana héjo jadi kasieun kolot jaman baheula tonggong budak ogé jadona milu héjo nalika nu keur kakandungan ngabeuleum daun cau.

32) *Teu meunang mandi silanglang, sabab budakna bisi silanglang nalika borjolna.*

Maksudna teu meunang mandi silanglang, sabab budakna bisi silanglang waktu borjolna nya éta urang kudu nyaho adab nalika rék ngalakukeun hal-hal naon waé kaasup adab dina mandi.

33) *Teu meunang ngobrol lila-lila di imah batur, sabab bisi budakna miboga tabiat teu betah cicing di imah.*

Maksudna teu meunang ngobrol lila-lila di imah batur, sabab bisi budakna boga tabéat teu betah cicing di imah nya éta urang lamun kaantengan ngariung kumpul jeung tatangga séjénna sok teu apal kana waktu, tah éta maksudna dina pamali éta téh.

34) *Teu meunang nalika aya kai anu ngahalangan dina titincakan diléngkahan.*

Maksudna upama aya kai anu ngahalangan dina titincakan ulah diléngkahan nya éta urang leumpang téh kudu bener, kudu nempo kénca katuhu bisi aya anu dihareupeun urang ngabalukarkeun anu pigoréngun.

35) *Teu meunang nalika aya cai mendet tina pancuran diantepkeun waé, kudu dibenerkeun, sabab bisi budakna hésé ngaluarkeun kokotor (mampet).*

Maksudna upama aya nu mendet tina pancuran kudu dibenerkeun, bisi budakna hésé ngaluarkeun kokotor (mampet) nya éta urang kudu salawasna apik, taliti kana hal naon waé kaasup kana masalah pancuran éta kapan cai pancuran anu mendet mah moal bisa ngaluarkeun cai.

36) *Teu meunang cicing waé, upama aya lini atawa samagaha anu kakandungan kudu nyumput ka kolong tuluy mandi jeung barang dahar, sabab bisi ada tandaan budakna.*

Maksudna kolong siloka nyelong, anu kakandungan ngarasa reuwas tur haténa kudu ditengtrengkeun ku cara mandi jeung barang dahar

37) *Teu meunang ngarumbaykeun buuk, sabab kunti anak bakalan resep (aya nu nuturkeun).*

Maksudna teu meunang ngarumbaykeun buuk, sabab kunti anak bakalan resep (aya nu nuturkeun) nya éta anu nuturkeun didieu mahluk goib anus ok ngaganggu, kolot jaman baheula mah sok loba kapamalian nu keur

kakandungan jeung mahluk goib sabab ceunah nu keur kakandungan mah seungit ka ambeuna ku mahluk goib mah.

38) *Teu meunang disinjang dina dada, ngabalukarkeun orok olab waé.*

Awéwé jaman baheula mah jarang maraké baju sok maraké sinjang dina kahirupan sapopoéna téh, tah ceuk kolot mah dihususkeun keur awéwé anu keur kakandungan teu meunang maké sinjang di dada, éta téh ngabalukarkeun orok sok olab waé.

39) *Teu meunang ditiung anduk, ngabalukarkeun orok olab waé.*

Dina ieu pamali sarua jeung teu meunang disinjang dina dada, anu ngabalukarkeun orok sok olab waé, sisidueun. Ari kolot mah sok nyingsieunan ari nalika urang ditiung ku anduk saenggeus mandi alus mah tong lila teuing matak asup angin.

40) *Teu meunang ngadahar tiwu jeung cangkangna, sabab budakna bisi suing.*

Maksud dina ieu pamali nya éta cenah matak raheut loba geutih, sabab seukeutna cangkang tiwu nalika ngadaharna gé sok matak raheut biwir. Kolot jaman baheula nyebutkeun teu meunang ngadahar tiwu jeung cangkangna, sabab budakna bisi suing téh lantaran aya maksud kudu ati-ati nalika dahar tiwu, ari perkara budak suing mah nalika dibabarkeun ka alam dunya, lain sajuj-ujug ngadahar tiwu jeung cangkangna éta mah geus gurutan ti Gusti Allah.

41) *Teu meunang kucas-kécos ngaputan ti peuting, bisi dideukeutkan ku mahluk goib.*

Maksudna teu meunang kucas-kécos ngaputan ti peuting, bisi dideukeutkan ku mahluk goib nya éta sabenerna bisi katojos komo deui keur kakandungan mah dipantrang. Di jaman baheula mah kapan hesé listrik, masih kénéh maké cempor, jadi rék kakaputan téh bakal

ngabalukarkeun katojos, dibalibirkeun ku kolot dina kalimah pamali mah ngarah nyingsieunan teu ngaputan ti peuting. Jadi éta mahluk goib téh sarua hartina jeung mamala atawa hiji hal dipikasieun katanganana ku manusa.

42) *Teu meunang ngadahar haseum loba teuing, sabab bisi budakna goréng budi.*

Maksudna teu meunang ngadahar haseum loba teuing, sabab bisi budakna goréng budi, awéwé anu keur kakandungan biasana sok nyiram loba kahayang komo deui dahar anu haraseum mah resep pisan, kadaharan anu haseum biasana sok loba pimatekkeun pikeun ku keur kakandungan, biasana balukakarna sok nyeri beuteung.

43) *Teu meunang dahar jambu urut kalong, sabab bisi budakna borok pinareup.*

Maksudna teu meunang dahar jambu urut kalong, sabab bisi budakna borok pinareup nya éta ari pinareup téh mangrupa hiji kasakit anu nareup dina awak. Sacara logika teu asup akal anantara jambu urut kalong jeung panareup, tapi ari kasakit anu dibalukarkeun ku kadaharan urut sato tangtuna kaharti pisan. Sabab kahadaran urut sato nalika di dahar tangtuna narep loba panyakit, tah ku kituna kolot mah sok dibalibirkeun tong ngadahar jambu jeung bisi budakna borok pinareup.

44) *Teu meunang dahar cau déngkép, sabab bisi budakna déngkép.*

Maksudna teu meunang dahar cau déngkép, sabab bisi budakna déngkép nya éta saupamana urang manggih cau anu déngkép ulah didahar sieun budak anu kaluar téh déngkép atawa kembar siam, hal ieu loba kaalaman. Tapi sanajan kitu anu nangtukeun sagala rupana gé geus aya nya éta Gusti Allah.

45) *Teu meunang diuk sabari ucang-ucangan dina golodog jangkung, sabab bisi hesé waktu ngajuru.*

Maksudna teu meunang diuk sabari ucang-ucangan dina golodog jangkung, sabab bisi hésé nalika ngajuru nya éta ari jaman baheula mah nu ngarana golodog téh jangkung, komo diuk bari ucang-ucangan mah kapan palaur sukuna diulinkeun, bisi engké rék ngaraju orok téh sukuna ngait sabeulah, nangunjar sabeulah ari sabeulah deui can kaluar. Tapi pamali ieu téh anu dihariwangkeun mah matak labuh ngabahayakeun kasalametan nu keur kakandungan maksudna mah kitu.

46) *Teu meunang nalika di jamban barala diantepkeun baé, kudu mindeng bebersih, ngarah ngajuruna bérsih.*

Maksudna umpama di jamban barala kudu mindeng bebersih, ngarah keur babarna ngarah bersih nya éta kudu téh dina hirup sapopoé téh kudu dibiasakeun hirup bersih, piraku di jamban barala kapan sareuseug nempona gé.

47) *Teu meunang ngadahar endog hayam, bisi budakna conge.*

Maksudna teu meunang ngadahar endog hayam, bisi budakna congé, ceuk kolot jaman baheula mah nu keur kakandungan ngadahar endog, engké ceuli budakna sok kaluar nanah, éta téh sok disebut congé.

48) *Teu meunang kuramas sareupna, sabab bisi maot salamangsa.*

Maksud teu meunang kuramas sareupna, sabab bisi maot salamangsa, yén sabab dina mangsa sareupna mahluk-mahluk jarahat sabangsaning mahluk goib keur mangsana laliar, ku kituna upamana urang kuramas dina mangsa sareupna sok disampeurkeun ku nu aya di cai, nya éta mahluk goib nu jarahat éta.

49) *Teu meunang dahar baso, sabab bisi budakna gedé di jero.*

Maksudna dina pamali teu meunang dahar baso, sabab bisi budakna gedé di jero nya éta budak dilahirkeun dina kaayaan gedé, éta pimatakeun hésé nalika ngajuruna, anu bisa ngancam kasalametan pikeun indungna.

50) *Teu meunang nginum cai és, sabab bisi budakna gedé di jero.*

Maksudna dina pamali teu meunang nginum cai és, sabab bisi budakna gedé di jero, tapi lamun geus kaluar sok leutik, meotan deui, kitu pantrangan ceuk kolot jaman baheula mah.

51) *Teu meunang dahar dina batok, sabab bisi budakna gedé di jero.*

Maksudna teu meunang dahar dina batok, sabab bisi budakna gedé di jero nya éta kapan aya wadah paranti dahar dina piring lain dina batok, tah éta téh ku kolot jaman baheula mah sok dibalibirkeun kitu kana pamali sangkan tong dahar dina wadah anu teu pantes.

52) *Teu meunang dahar sambel, sabab bisi budakna bareureum dina damisna.*

Maksudna teu meunang dahar sambel, sabab bisi budakna bareureum dina damisna, sabab anu ngarana sambel mah lada, éta aya patalina ogé jeung pamali ngadahar anu lada téa, ceuk kolot jaman baheula mah dahar sambel nalika keur kakandungan téh budak gedé bakal bareureum dina damisna, padahal mah sacara logika mah euweuh patalina éta hal téh.

53) *Teu meunang kukumpul parabatan orak saméméh tujuh bulan, bisi teu jadi.*

Maksud dina pamali teu meunang kukumpul parabatan orok saméméh tujuh bulan, bisi teu jadi nya éta kolot jaman baheula mah sok loba kasianna, loba hariwang, kawas-was, sabab awéwé nu keur kakandungan mah loba nu ngagangguna. Saha anu apal naon nu rék kajadian kahareupna, sabab anu ngatur sagalana gé geus aya nya éta Gusti Allah, ku kituna pamali ceuk kolot jaman baheula mah nalika kukumpul parabat orok saméméh tujuh bulan mah bisi nepi teu lahir ceunah.

54) *Teu meunang sadangu-dangu, matak sok kajadian.*

Maksud dina pamali teu meunang sadangu-dangu, matak sok kajadian nya éta biasana ari awéwé sok resep ngariung jeung ibu-ibu séjénna, ari ngumpul téh ningan sok ngobrol, ngagosip, kalahkah ngomongkeun

tatangga séjénna, sok ngomongkeun kagoréngan batur, di dinya anu kudu disingkahan ku nu keur kakandungan tong ngilu dina obrolan éta, pamali ceunah, kajeun indit teu meunang kadangu éta obrolan komo deui pipilueun ngobrol mah. Kapamalian éta saupamana dirempak sok kajadian jadi kanyataan.

55) *Teu meunang nyaliksik ti peuting, bisi diganggu mahluk goib.*

Dina ieu pamali teu meunang nyaliksik ti peuting, bisi diganggu mahluk goib, biasa nalika urang keur nyaliksik téh sok ngarasa ngenaeun antukna tuluy wé sok ngalamun jadinya téh, tah di dinya anu disebutkeun pamalina téh sabab nalika urang ngalamun naon waé sok dibayangkeun, anu sipatna hade boh goréng, boh anu sipatna rarasaan boh anu titingalian. Pikeun nyingkahan éta lamunan anu kosong anu keur kakandungan mah dipahing pisan nyaliksik ti peuting.

56) *Teu meunang nalika ngajait sangu teu jeung langsengna, matak hesé dina ngajuru.*

Maksudna nya éta kudu ngajait sangu jeung langsengna, ambéh lungsur-langsar dina ngarujuna ieu patalina jeung kabiasaan masarakat jaman baheula anu nyangu maké langseng jeung aseupan, ieu hal sabenerna mah euweuh patalina lamun sacarana rasionalna ngan kolot jaman baheula sok mantrang kitu.

57) *Teu meunang ngomong kamana waé, kudu ngucapkeun amit-amit, sabab bisi kajadian goréng.*

Maksudna nya éta ku keur kakandungan boh awéwé boh lalakina kudu salawasna ngucapkeun amit-amit dina sagala anu dipilampah. Amit-amit di dieu sangkan hal-hal goréng teu kajadian.

58) *Teu meunang teu ngagugu kahayang anu keur kakandungan, bisi budakna ngacay waé waktu geus kaluarna.*

Maksudna upama aya kahayang anu keur kakandungan kudu digugu, bisi budakna ngacay waé waktu geus kaluarna, yén awéwé ku keur kakandungan sok loba kahayang jadi kudu kacumponan.

59) *Teu meunang peupeuncitan, bisi budakna teu sampurna, siga sato anu dipeucit. (Pikeun salakina).*

Maksudna pikeun salakina, teu meunang peupeuncitan, bisi budakna teu sampurna, siga sato anu dipeucit nya éta urang ilaharna kudu ngajak atawa salaki pamajikan mun kapaksa kudu migawé nu dipantrang alusna kudu ngucapkeun kalimah samodel “*utun inji hayu urang motongan hayam, tapi kadé ulah sapotong-potongna lamun lain potongeanana*”.

60) *Teu meunang nyiksa sasatoan, bisi budak mangrupa sato anu disiksa éta. (Pikeun salakina).*

Maksudna pikeun salakina, teu meunang nyiksa sasatoan, bisi budak mangrupa sato anu disiksa éta, nya éta urang hirup di dunya téh kudu milampah rupa-rupa kahadéan anu mangpaat.

61) *Teu meunang nguseup, bisi budakna teu sampurna, biwirna suing siga lauk. (Pikeun salakina).*

Maksudna pikeun salakina, teu meunang nguseup, bisi budakna teu sampurna, biwirna suing siga lauk nya éta nalika migawé hiji hal kudu ngajak, ari perkara kasampurnaan budak anu kaluar mah geus guratan takdir Gusti Allah. Tapi, salaki pamajikan mun kapaksa kudu migawe nu dipantrang alusna kudu ngucapkeun kalimah samodel “*amit-amit*”.

62) *Teu meunang ngadu hayam, ngadu domba jrrd. (Pikeun salakina).*

Maksudna pikeun salakina, teu meunang ngadu hayam, ngadu domba jrrd nya éta urang hadéna mah pilampah hal-hal anu mangpaatna.

Dina hasil panalungtikan pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri yén katitén salian ti pamali pikeun awéwé nu keur kakandunganana éta aya ogé pamali pikeun salakina. Dumasar kana data di luhur, pamali dina kakandungan anu kapanggih tina 4 narasumber di Désa Jayagiri téh aya 62 pamali, 58 pamali pikeun awéwéna jeung 4 pamali pikeun salikana. Pamali dina kakandungan anu dikumpulkeun miboga harti sarta fungsi pikeun masarakat Désa Jayagiri anu di jerona miboga ajén-inajén pikeun ngajaga diri.

4.1.4 Implikasi Hasil Panalungtikan pikeun Bahan Maca Artikel Budaya di SMA kelas XII

4.1.4.1 Bahan Pangajaran Maca Bahasan Budaya

Dumasar kana hasil panalungtikan, déskripsi jeung analisis ngeunaan pamali dina kakandungan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA. Nilik kana Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Basa Sunda, pangajaran “maca artikel budaya Sunda” aya di kelas XII.

4.1.4.2 Materi Pangajaran

Conto Artikel Budaya

KAARIFAN LOKAL PAMALI DINA KAKANDUNGAN DI DÉSA JAYAGIRI, KACAMATAN LEMBANG, KABUPATEN BANDUNG BARAT.

Di Désa Jayagiri, Kacamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat, masarakatna masih kénéh ngalaksanakeun warisan karuhun Sunda. Warisan karuhun Sunda éta nya éta masarakatna anu masih kénéh ngalaksanakeun kapercayaan-kapercayaan karuhunna. Sanajan kaayaan masarakatna geus kapangaruhan ku modérninasi, tétéla teu matak

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngalunturkeun kapercayaan kana ajén-inajén tradisi. Salahiji ajén-inajén warisan karuhun anu dipercaya, anu ngandung siloka jeung maksud anu jéro nya éta pamali.

Dina jihad séjén, pamali téh disawang hiji kaarifan lokal nu ngandung rasionalitas tradisional nu aya patalina jeung ajén étika. Dina pamali nyampak aturan anu teu tinulis anu dipaké pikeun mageran kahirupan manusa anu kudu dumasar kana norma-norma moral, sosial jeung agama. Kecap pamali sarua hartina jeung pantrangan atawa larangan sepuh urang anu maksudna teu meunang ngalakukeun hiji pagawéan lantaran sok aya matakna. Upama pamali éta dirempak, tangtuna bakal aya balukar atawa mamala keur anu ngarempakna. Pamali téh sabenerna mah mangrupa tradisi karuhun anu dijerona ngandung ajén atikan keur anak-incuna. Niténan di jaman modérn ayeuna gé masih kénéh aya kecap pamali anu tumuwuh di masarakat, salahijina pamali dina kakandungan di Désa Jayagiri Lembang.

Di Désa Jayagiri Lembang aya 62 rupa-rupa pamali dina kakandungan anu masih kénéh dipercaya ku masarakatna. Conto pamalina nya éta *teu meunang saré dimana waé jeung kudu maké bantal, sabab bakal ngabalukarkeun hésé nalika baris ngajuru* tah maksud dina ieu pamali téh yén awéwé nu keur reuneuh kudu apik, saré tong dimana waé kapan aya tempatna ari saré mah nya éta di kasur (kamar), sarta saré téh kudu maké bantal sabab kanyaan orok anu aya di jéro beuteung jeung si indung kudu aya dina kaayaan hadé. Éta fungsi pamali téh ngarah awéwé nu keur reuneuh bisa leuwih apik ngajaga diri komo deui orok anu anu di jéro beuteung, *teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang)* maksud dina pamali éta nya éta awéwé nu keur kakandungan teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang), éta hal dina adat kasopanan mah kurang hade, komo deui awéwé geus aya aturan kumaha cara diuk anu hadé nya éta kudu émok jeung rapet, pikeun nu keur kakandungan *umpana di jamban barala kudu mindeng bebersih, ngarah keur babarna ngarah bersih*, maksudna umpana di jamban barala kudu mindeng bebersih, ngarah keur babarna ngarah bersih nya éta kudu téh dina hirup sapopoé téh kudu dibiasakeun hirup bersih, piraku di jamban barala kapan sareuseug nempona gé.

Lian ti ayana pantrangan pikeun nu kakandungan nya éta awéwéna, aya oge pantrangan pikeun salakina diantaranya nya éta *teu meunang peupeuncitan, teu meunang nyiksa sasatoan, teu meunang nguseup, teu meunang ngadu hayam, domba, jrrd*. Salaki jeung pamajikan upamana kapaksa kudu migawé nu dipantrang éta kudu ngucapkeun kalimah “*utun inji hayu urang motongan hayam, tapi kadé ulah sapotong-potongna lamun lain potongeunana*”.

Pikeun awéwé nu keur kakandungan ogé aya adat pikeun ngariksa kakandungan. Nurutkeun kana kapercayaan urang Sunda pikeun awéwé nu keur kakandungan, kaayaan budak anu dikandung téh ti mimiti nyiram, reuneuh tilu bulan, reuneuh opat bulan, reuneuh lima bulan, reuneuh tujuh bulan jeung reuneuh salapan bulan, nepi ka dilahirkeun aya adat pikeun ngariksa kakandungana.

Ngaran-ngaran kajadianna nya éta 1) reuneuh sabulan disebut ngahérang, nya éta ngajadikeun suci atawa beresih, hartina kandungan masih kaciri herang anu disebut Alkah, 2) reuneuh dua bulan disebut lumenggang, nya éta, ngajadi kentel, hartina geus kentel sanajan transparan kénéh (ngalangkang), disebut Kasapah, 3) reuneuh tilubulan disebut kumambang, hartina geus mengkel jeung buleud nu disebut Nutpah, 4) reuneuh opat bulan disebut umulung nya éta, ngajadikeun hiji, hartina geus padet tur buleud, disebut Amarullah, 5) reuneuh lima bulan disebut mangrupa, sabab dina bulan éta, geus ngajadi mangrupa jelema, hartina geus kaciri bungkeuleukanana, disebut Ahmad, 6) reuneuh genep bulan disebut usik, hartina janin geus karasa usik, disebut Ahmad, 7) reuneuh tujuh bulan disebut malik, hartina geus sampurna anu ngawujud manusa jeung

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

geus bisa gerak nya éta, posisina geus bisa malik disebut Muhammad, 8) reuneuh dalapan bulan disebut kumentar-kumentir, hartina geus bisa néangan jalan kaluar, disebut Muhammad, 9) reuneuh salapan bulan disebut ngaruang-ruang, hartina geus aya jalan pikeun kaluar tinggal nungguan waktuna kaluar, anu biasana umur kandungan salapan bulan téh sok disebut bulan alaeun disebut Muhammad, jeung 10) ahir bulan kasalapan atawa asup bulan kasapuluh, orok dibabarkeun. Éta sok disebut ngaran Rosululloh jeung ngaran kolot beheula. Umur kandungan anu teu normal nya éta leuwih ti salapan bulan biasana sok disebut reuneuh mundingeun.

Tarékah pikeun ngajaga éta kakandungan ti nyiram nepi ka ngaraju salapan bulan éta dilakukeun ku rupa-rupa cara saperti, ngayakeun salametan atawa sodakah, mekelan nu kakandungan ku barang-barang anu dipercaya miboga kakuatan tolak bala atawa salaku jimat, merhatikeun tur ngajaga sangkan nu kakandungan teu ngrempak pantrangan karuhun. Ti mimiti reuneuh nepi ka kandungan umurna dua bulan biasa disebut ngandeg atawa nyiram. Sanggeus umur kandungan tilu bulan diayakeun salametan tilu bulanana. Pikeun salametan tilu bulanana numutkeun adat kabiasaan karuhun cukup ku ngabubur beureum ngabubur bodas nu mangrupa inti atawa sarat nu kudu aya dina salametan. Biasana pikeun jalama anu boga mah, salian ti ngabubur beureum ngabubur bodas teh, sok dibarengan ku tumpeng.

Sanggeus salametan tilu bulanana diayakeun deui salametan dina mangsa umur kandungan 5, 7, 9 bulan, tah salametan éta kudu diayakeun tiap itungan ganjil. Dina salametan kadua kalina diayakeun hajat bangsal. Bangsal nya éta anu diwadahan ku bokor sarta di luhurna ditutupan ku daun waluh. Harti dina kecap bangsal sacara metonomis mirip kecap bengsal atawa sial, sedengkeun kecap waluh sacara metonomis hartina ngaharib-harib kana kecap waluya. Jadi maksud utama ayana hajat bangsal nya éta ngaleungitkeun sagala kasialan sarta diganti ku kawaluya.

Salametan anu katilu kalina diayakeun dina waktu kandungan geus 7 bulan nu mangrupa salametan panggedena diantara 4 salametan. Salametan ieu disebut tingkeban atawa babarik. Urusan perkara tingkeban ngajaga nu kakandungan jadi tanggungjawab paraji. Tingkeban nya éta salametan nu keur kakandungan nu pang-gong-na diantara upacara-upacara séjénna, ditilik tina lobana proses upacara jeung réana sarat anu kudu dicumponan. Waktu umur kandungan 9 bulan diayakeun salametan anu kaopat kalian, ieu salametan teh disebut lolos jeung sodakoh lampu. Lolos nya éta dahareun nu dijieun tina tipung beas digulaan maké santen tur dibungkus ku daun cau. Lolos miboga maksud sangkan dina waktu ngalahirkeun, orok bisa kaluar kalayan lancar jeung salamet, sedengkeun lampu miboga maksud sangkan orok nu dilahirkeun miboga haté nu caang. Lampu nu dipaké biasana lampu cempor atawa lampu tempel. Paraji mimiti méré pituduh ka kulawarga nu kakandungan pikeun tatahar nyiapkeun rupa-rupa ramuan nu mangrupa sisikian, akar-akaran, dadaunan, jeung beubeutian nu tangtu. Biasana umur kandungan salapan bulan téh sok disebut bulan alaeun. Dina runtuyan adat dina ngariksa kakandungan diluhur yén sakabeuhna miboga harti sarta siloka.

Adat pamali sabenerna lamun dijujut ku élmu atikan, éta mangrupikeun wahana atawa wadah keur ngatik jeung ngadidik, sangkan dina ngalakokan kahirupan miboga patokan keur kahadéan dirina ogé keur balaréa. Pamali ngandung hal anu adi luhung, anu ngandung ajén atikan, ahlak, jeung adab sopan santun anu nyamuni disatukangeun kecap pamali.

Éta pamali téh guareun atawa pikiraneun, lantaran éta mah ngan mangrupa cangkangna wungkul da eusina mah nya éta kanyaah kolot pikeun kasalametan diri. Kolot baheula ngabalibirkeun barudak salian ti aya kasieun nu ahirna nurut, ogé aya hal anu sifatna pikiraneun maranéhna. Ku kituna barudak bakal malikir naon harti anu sabenerna

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tina éta pamali. Tina prosés mikir, tangtuna budak bakal tumanya ka kolotna, naon harti anu sabenerna. Éta husus keur budak anu mikir jeung talété, di dinya palebah éta pamali ngandung unsur atikan téh.

Pamali atawa pantrangan sabenerna mah mangrupa bénténg keur pribadi hiji jalma dina upaya ngajaga diri tina hal-hal anu matak ngarugikeun, boh keur dirina atawa kulawarga, boh keur balarea. Kolot urang boga kanyaah keur anak turunana sangkan jaradi jalma anu baroga ahlak anu haradé anu saluyu jeung ajaran agama, anu didadasaran ku adat jeung istiadat. Mugia ieu pamali atawa pantrangan anu disawangan salasahiji kaarifan lokal urang Sunda ulah nepika tumpur dina kahirupan, tapi sabalikna kudu jadi pibekeleun keur nu ngarora supaya ulah kabawa kusaka-kaba dina énggoning ngalakonan kahirupanana.

4.1.4.3 Évaluasi Bahan Pangajaran

Évaluasi mangrupa bagian anu penting kalungguhanna dina runtuyan program pendidikan. Nurutkeun Tim Pengembang MKDP (Kurikulum Pembelajaran, 2009, kc. 55), évaluasi nya éta pakakas pikeun ngukur kahontal henteuna udagan pangajaran. Évaluasi kabagi jadi dua nya éta *tés* jeung *nontés*. Tés anu dipaké nya éta tés tinulis jeung *keterampilan*. Tés tinulis ogé kabagi dua deui nya éta tés objéktif jeung éséy. Tés objéktif nya éta wangun tés anu dipiharep siswa milih jawaban anu geus ditangtukeun, sedengkeun éséy nya éta wangun tés anu nitah siswa sangkan ngajawab soal ku cara ngadadarkeun ngaliwatan kalimah. Tés *keterampilan* nya éta wangun tés anu nempo tina karancangéan siswa dina migawé pancén.

4.1.4.4 Latihan Soal

Jawab sawatara pertanyaan ieu di handap kalawan bener!

- 1) Pék baca deui éta artikel budaya kalawan bener, tuluy jelaskeun naon nu dipikanyaho ku hidep ngeunaan pamali dina kakandung sanggeus maca!
- 2) Naon ari pamali téh?
- 3) Naon waé ngaran-ngaran dina kakandungan?
- 4) Kumaha adat ngariksa kakandungan téh?
- 5) Naon waé ajén-inajén anu nyangkaruk dina pamali kakandungan téh?

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 6) Sebutkeun conto pamali dina kakandungan sarta harti tur fungsi dina pamali kakandungan anu aya di Désa Jayagiri téh?
- 7) Naon sababna pamali mangrupa salasihiji kaarifan lokal urang Sunda? Jelaskeun!
- 8) Naha penting kalungguhan ayana pamali di jaman kiwari téh? Jelaskeun!
- 9) Kumaha sikap urang salaku generasi ngora pikeun ngamumulé warisan karuhun téh? Jelaskeun!
- 10) Pék caritakeun deui éta artikel maké basa sorangan!

4.1.4.5 Konci Jawaban

- 1) Jawaban gumantung kréatifitas siswa
- 2) Kecap pamali sarua hartina jeung pantrangan atawa larangan sepuh urang anu maksudna teu meunang ngalakukeun hiji pagawéan lantaran sok aya matakna. Upama pamali éta dirempak, tangtuna bakal aya balukar atawa mamala keur anu ngarempakna
- 3) Ngaran-ngaran kajadianna nya éta 1) reuneuh sabulan disebut ngahérang, nya éta ngajadikeun suci atawa beresih, hartina kandungan masih kaciri herang anu disebut Alkah, 2) reuneuh dua bulan disebut lumenggang, nya éta, ngajadi kentel, hartina geus kentel sanajan transparan kénéh (ngalangkang), disebut Kasapah, 3) reuneuh tilubulan disebut kumambang, hartina geus mengkel jeung buleud nu disebut Nutpah, 4) reuneuh opat bulan disebut umulung nya éta, ngajadikeun hiji, hartina geus padet tur buleud, disebut Amarullah, 5) reuneuh lima bulan disebut mangrupa, sabab dina bulan éta, geus ngajadi mangrupa jelema, hartina geus kaciri bungkeuleukanana, disebut Ahmad, 6) reuneuh genep bulan disebut usik, hartina janin geus karasa usik, disebut Ahmad, 7) reuneuh tujuh bulan disebut malik, hartina geus sampurna anu ngawujud manusa jeung geus bisa gerak nya éta, posisina geus bisa malik disebut Muhammad, 8) reuneuh dalapan bulan disebut kumentar-kumentir, hartina geus bisa néangan jalan kaluar, disebut Muhammad, 9) reuneuh salapan bulan disebut ngaruang-ruang, hartina geus aya jalan pikeun kaluar

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tinggal nungguan waktuna kaluar, anu biasana umur kandungan salapan bulan téh sok disebut bulan alaeun disebut Muhammad, jeung 10) ahir bulan kasalapan atawa asup bulan kasapuluh, orok dibabarkeun. Éta sok disebut ngaran Rosululloh jeung ngaran kolot beheula. Umur kandungan anu teu normal nya éta leuwih ti salapan bulan biasana sok disebut reuneuh mundingeun.

- 4) Tarékah pikeun ngajaga éta kakandungan ti nyiram nepi ka ngaraju salapan bulan éta dilakukeun ku rupa-rupa cara saperti, ngayakeun salametan atawa sodakah, mekelan nu kakandungan ku barang-barang anu dipercaya miboga kakuatan tolak bala atawa salaku jimat, merhatikeun tur ngajaga sangkan nu kakandungan teu ngrempak pantrangan karuhun. Ti mimiti reuneuh nepi ka kandungan umurna dua bulan biasa disebut ngandeg atawa nyiram. Sanggeus umur kandungan tilu bulan diayakeun salametan tilu bulanana. Pikeun salametan tilu bulanana numutkeun adat kabiasaan karuhun cukup ku ngabubur beureum ngabubur bodas nu mangrupa inti atawa sarat nu kudu aya dina salametan. Biasana pikeun jalama anu boga mah, salian ti ngabubur beureum ngabubur bodas teh, sok dibarengan ku tumpeng.

Sanggeus salametan tilu bulanana diayakeun deui salametan dina mangsa umur kandungan 5, 7, 9 bulan, tah salametan éta kudu diayakeun tiap itungan ganjil. Dina salametan kadua kalina diayakeun hajat bangsal. Bangsal nya éta anu diwadahan ku bokor sarta di luhurna ditutupan ku daun waluh. Harti dina kecap bangsal sacara metonomis mirip kecap bengsal atawa sial, sedengkeun kecap waluh sacara metonomis hartina ngaharib-harib kana kecap waluya. Jadi maksud utama ayana hajat bangsal nya éta ngaleungitkeun sagala kasialan sarta diganti ku kawalayaan.

Salametan anu katilu kalina diayakeun dina waktu kandungan geus 7 bulan nu mangrupa salametan panggedena diantara 4 salametan. Salametan ieu disebut tingkeban atawa babarik. Urusan perkara tingkeban ngajaga nu kakandungan jadi tanggungjawab paraji. Tingkeban nya éta salametan nu keur kakandungan nu pang-gong-na diantara upacara-upacara séjénna, ditilik

tina lobana proses upacara jeung réana sarat anu kudu dicumponan. Waktu umur kandungan 9 bulan diayakeun salametan anu kaopat kalia, ieu salametan teh disebut lolos jeung sodakoh lampu. Lolos nya éta dahareun nu dijieun tina tipung beas digulaan maké santen tur dibungkus ku daun cau. Lolos miboga maksud sangkan dina waktu ngalahirkeun, orok bisa kaluar kalayan lancar jeung salamet, sedengkeun lampu miboga maksud sangkan orok nu dilahirkeun miboga haté nu caang. Lampu nu dipaké biasana lampu cempor atawa lampu tempel. Paraji mimiti méré pituduh ka kulawarga nu kakandungan pikeun tatahar nyiapkeun rupa-rupa ramuan nu mangrupa sisikian, akar-akaran, dadaunan, jeung beubeutian nu tangtu. Biasana umur kandungan salapan bulan téh sok disebut bulan alaeun.

- 5) Ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung atikan agama.
- 6) Conto pamalina nya éta teu meunang saré dimana waé jeung kudu maké bantal, sabab bakal ngabalukarkeun hésé nalika baris ngajuru tah maksud dina ieu pamali téh yén awéwé nu keur reuneuh kudu apik, saré tong dimana waé kapan aya tempatna ari saré mah nya éta di kasur (kamar), sarta saré téh kudu maké bantal sabab kanyaan orok anu aya di jéro beuteung jeung si indung kudu aya dina kaayaan hadé. Éta fungsi pamali téh ngarah awéwé nu keur reuneuh bisa leuwih apik ngajaga diri komo deui orok anu anu di jéro beuteung, teu meunang diuk nangunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang) maksud dina pamali éta nya éta awéwé nu keur kakandungan teu meunang diuk nangunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku tiheula (sungsang), éta hal dina adat kasopanan mah kurang hade, komo deui awéwé geus aya aturan kumaha cara diuk anu hadé nya éta kudu émok jeung rapet, pikeun nu keur kakandungan upama di jamban barala kudu mindeng bebersih, ngarah keur babarna ngarah bersih, maksudna umpana di jamban barala kudu mindeng bebersih, ngarah keur babarna ngarah bersih nya éta kudu téh dina hirup sapopoé téh kudu dibiasakeun hirup bersih, piraku di jamban barala kapan sareuseug nempona gé.

Lian ti ayana pantrangan pikeun nu kakandungannya éta awéwéna, aya oge pantrangan pikeun salakina diantarana nya éta teu meunang peupeuncitan, teu meunang nyiksa sasatoan, teu meunang nguseup, teu meunang ngadu hayam, domba, jrrd. Salaki jeung pamajikan upamana kapaksa kudu migawé nu dipantrang éta kudu ngucapkeun kalimah “utun inji hayu urang motongan hayam, tapi kadé ulah sapotong-potongna lamun lain potongunana”.

- 7) Pamali salasahiji kaarifan lokal budaya Sunda, sabab pamali magrupa warisan karuhun urang Sunda, anu dijéona ngadung harti, siloka anu adi luhung, ajén atikan moral, ajén atikan sosial, jeung atikan agama.
- 8) Pamali téh penting sangkan jadi pibekeleun urang salaku generasi ngora ulah kabawa kusaka-kaba dina énggoning ngalakonan kahirupanana.
- 9) Sikap urang salaku ngora ulah ngaleungitkeun anu ngarana budaya nya éta warisan karuhun hususna anu ngaranna pamali, anu kudu diajénan salaku generasi anyar. tapi sanajan kitu di jaman kiwari ieu oge tangtuna urang kudu nyaluyukeun éta hal jeung akal sehat sarta kudu bisa ngigelan jaman kana hal-hal kahadéan anu sipatna pikeun kamajuan.
- 10) jawaban gumantung kreatifitas siswa.

4.2 Pedaran

Tina hasil panalungtikan pamali kakandungan di Désa Jayagiri, anu geus diébrehkeun di luhur anu tangtuna luyu jeung rumusan masalah, di dinya nyampak kapamalian anu upama diténan tur dipatalikeun jeung paélmuan aya anu asup logika nya éta:

- 1) dina pamali teu meunang ngadahar ganas, padahal jaman kiwari ganas téh tangtuna bungbuhan téh ngandung vitamin C anu teu nanaon nalika didahar ku awéwé nu keur kakandungan ogé;
- 2) dina pamali teu meunang ngadahar keyeup, padahal di jaman kiwari mah ngadahar kapiting jeung lélé téh diajurkeun pisan sabab keyeup jeung lélé ngandung protein anu gedé pisan, oméga 3, jeung vitamin B12;
- 3) dina pamali teu meunang ngadahar belut, padahal di jaman kiwari mah ngadahar belut téh diajurkeun pisan sabab belut ngandung protein anu gedé pisan, oméga 3, jeung vitamin B12;
- 4) dina pamali teu meunang ngadahar nu lada atawa sambel, sabab bisi ngabalukarkeun nyeuri beuteung, diaré, rasa panas dijero beuteung, jeung mules anu disababkeun ku ladana cabé;
- 5) dina pamali teu meunang ngadahar waluh, padahal di jaman kiwari mangpaat waluh pikeun nu keur kakandungan téh alus sabab waluh ngandung vitamin, loba ngandung cai jadi alus nalika didahar, mangrupa sumber serat;
- 6) dina pamali meunang ngadahar hurang, padahal di jaman kiwari kandungan gizi anu aya dina udang téh alus pisan pikeun didahar sabab undang nya éta sumber protein sarta selenium, omega 3, asam lemak, seng, tembaga, magnesium, niasin, sumber zat besi, vitamin B12 sarta vitamin D;
- 7) dina pamali teu meunang dahar dina piring gede, lantaran biasana urang dahar sok porsina gede, sabab dina widang medis ogé nu keur kakandungan mah ajuran ti dokter ulah dahar sakalina jeung porsi nu loba pisan, saeutik tapi mineung éta nu diajurkeun mah;

- 8) dina pamali tong ngadahar kadaharan anu haseum biasana sok loba pimatikkeun pikeun ku keur kakandungan, biasana balukakarna sok nyeuri beuteung;
- 9) dina pamali tong ngadahar endog, padahal di jaman kiwari ari endog téh miboga kandungan gizi anu hadé pikeun didahar sabab ngandung protein, komo deui konéng endogna mah ngandung vitamin B-kompleks sarta choline anu alus pikeun sistem syaraf, sarta choline hadé pikeun perkembangan otak anu aya dina janin awéwé nu keur kakandungan;
- 10) dina pamali teu meunang nginum cai és, logikana di jaman kiwari, ari nginum emang hadéna mah pikeun kasehatan nya éta cai haneut atawa biasa, komo deui ari nu keur kakandungan mah bisi aya nanaon kana si utunna.

Dina pedaran di luhur tangtuna di jaman kiwari urang kudu bisa ngigelan jaman sarta kudu bisa mikir logis, matalikeun hal-hal jeung élmu pangaweruh anu aya. Pamali téh mangrupa wujud salasahiji dina kabudayaan, sabab pamali hirup sarta dipercaya di masarakat anu jadi ciri atawa identitas hiji kelompok éta. Dina élmu antropologi (Koentjaraningrat, 2009, kc. 144) kabudayaan nya éta sakabéh sistim gagasan, tindakan jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat anu dijadikeun milik diri manusa ku cara diajar. Kapamalian dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri éta jadi cecekelan masarakatna hususna pikeun awéwé jeung salakina waktu nyanghareupan peristiwa kakandungan éta. Pamali minangka unsur kabudayaan dina sistim religi, basa jeung pagawéan. Nurutkeun R. Otto (dina Koentjaraningrat, 1985 kc. 22), religi nya éta kayakinan sarta kapercayaan manusa kana hal-hal nu goib, sarta mangrupa sikep manusa dina nyanghareupan hal-hal anu goib éta.

Dina (Soeganda, 1982, kc. 14) ngeunaan adat ngariksa awéwé nu keur kakandungan, ti mimiti reuneuh, nyiram, éta hal ku kolot diwariskeun ka nu keur kakandungan bener-bener ku istilah pamali atawa pantrangan. Satuluyana dina adat ngariksa nu kakandungan di Sunda téh raket pisan patalina jeung sistim kapercayaan urang Sunda, anu boga sipat percaya kana tahayul. Tahayul anu

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dipercaya ku masarakat Sunda kaasup kana folklor sabagian lisan. Éta hal luyu jeung pamadegan (Danandjaja, 1984, kc. 153) nya éta wangun folklor anu kaasup kana kelompok sabagian lisan nya éta, kapercayaan rahayat jeung kaulinan rahayat. Rupa-rupa pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri warisan karuhun anu masih aya kénéh hirup di masarakatna. Nurutkeun Levi Strauss (dina Ahimsa-Putra, 2001, kc. 75) nalar, logika mangrupa hiji hal anu abstrak, teu bisa ditempo atawa dicabak. Sagala rupa fenomena budaya dumasar kana wujud nalar. Kaasup éta pamali anu mangrupa hasil pikiran kolot jaman baheula anu dipatalikeun jeung kajadian anu geus kungsi lumangsung dina mangsana. Nurutkeun Levi Strauss (Lane dina Ahimsa-Putra, 2001, kc. 80) sasaran antara basa jeung mitos, kahiji basa mangrupa media, alat, atawa sarana komunikasi, pikeun nepikeun talatah ti hiji jalama ka jalma séjénna, ti kelompok hiji ka kelompok séjénna. Tina hasil panalungtikan, ngaliwatan wawancara, yén pamali di Désa Jayagiri aya dina mangsa anu geus lila, éta hal mangrupa warisan karuhunan di diwariskeun sacara tatalépa ti hiji jalam ka jalma séjénna. Ieu panalungtikan ogé ngaguar ngeunaan harti jeung fungsi pamali dina kakandungan pikeun masarakat di Désa Jayagiri, sarta naon-naon waé adat dina ngariksa kakandung. Maksud dina ayana adat ngariksa nu keur kandungan téh nya éta pikeun ngajaga nu keur kakandungan dina perkara anu goréng ti mahluk goib tina kakuatan alam disabudeureunana. Sarta nurutkeun (Soeganda, 1982, kc. 22) yén pamali nya éta sagala tingkah polah anu teu hadé kudu dipantrang sarta teu meunang dilakukeun, pantrangan-pantrangan éta biasana aya mamala ti mahluk goib. Tah kapercayaan éta anu masih kénéh di aya di masarakat Sunda.

Di handap ieu aya papasingan anu nyangkaruk dina pamali kakandungan anu aya di Désa Jayagiri. Sangkan leuwih jéntré geura titénan ieu tabél.

Tabél 4.2

Ajén-ajén dina Pamali Kakandungan.

No.	No Kode		Ajén Atikan Moral	Ajén Atikan Sosial	Ajén Atikan Agama
	PAK (Pamali pikeun Awéwé Kakandungan)	PS (Pamali pikeun Salakina)			
(1)	(2)		(3)	(4)	(5)

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.	PAK 1	√		
2.	PAK 2	√		
3.	PAK 3	√		
4.	PAK 4	√		
5.	PAK 5	√		
6.	PAK 6	√		
7.	PAK 7			√
8.	PAK 8	√		
9.	PAK 9	√		
10.	PAK 10	√		
11.	PAK 11	√		
12.	PAK 12	√		
13.	PAK 13	√		
14.	PAK 14	√		
15.	PAK 15			√
16.	PAK 16	√		
17.	PAK 17	√		
18.	PAK 18		√	
19.	PAK 19	√		
20.	PAK 20	√		
21.	PAK 21		√	
22.	PAK 22	√		
23.	PAK 23		√	
24.	PAK 24	√		
25.	PAK 25	√		
26.	PAK 26	√		
27.	PAK 27	√		
28.	PAK 28			√
29.	PAK 29	√		
30.	PAK 30	√		
31.	PAK 31	√		
32.	PAK 32	√		
33.	PAK 33	√		
34.	PAK 34	√		

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

35.	PAK 35	√		
36.	PAK 36		√	
37.	PAK 37		√	
38.	PAK 38	√		
39.	PAK 39	√		
40.	PAK 40	√		
41.	PAK 41	√		
42.	PAK 42	√		
43.	PAK 43	√		
44.	PAK 44	√		
45.	PAK 45	√		
46.	PAK 46			√
47.	PAK 47	√		
48.	PAK 48	√		
49.	PAK 50	√		
50.	PAK 51	√		
51.	PAK 52	√		
52.	PAK 53	√		
53.	PAK 54			√
54.	PAK 55	√		
55.	PAK 56	√		
56.	PAK 56	√		
57.	PAK 57			√
58.	PAK 58	√		
59.	PS 59	√		
60.	PS 60			√
61.	PS 61	√		
62.	PS 62	√		

Dina tabél di luhur katitén papasingan ajén-ajén anu nyangkaruk dina pamali kakandungan, nya éta kahiji ajén atikan moral mangrupa ajén anu raket patalina jeung tanggungjawab, kajiwaan suci sarta kawajiban. Ajén moral patalina jeung pribadi manusa, étika, kasopanan, ajén moral bisa mangrupa wujud tina paripolah nu dilakukeun ku manusa éta sorangan. Pamali dina kakandungan anu kaasup kana ajén atikan moral aya 55 pamali. Ajén atikan moral dina pamali

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kakandungan di luhur yén eusi dina pamali téh mangrupa bénténg keur pribadi hiji jalma dina upaya ngajaga diri tina hal-hal anu matak ngarugikeun, boh keur dirina atawa kulawarga, boh keur balaréa. Kolot urang boga kanyaah keur anak turunana sangkan jaradi jalma anu baroga ahlak anu haradé anu saluyu jeung ajaran agama, anu didadasaran ku adat jeung istiadat.

Kadua, ajén atikan sosial mangrupa ajén anu raket pisan patalina jeung kahirupan di masarakat, salaku mahluk sosial urang moal bisa hirup sorangan tangtuna hirup babarengan jeung jalma lianna. Dina ajén sosial anu jadi puseur paniténa nya éta paripolah individu jeung kahirupan masarakat. Pamali dina kakandungan anu kaasup kana ajén atikan sosial aya 5 pamali. Ajén atikan sosial dina pamali di luhur nya éta yén urang hirup di masarakat téh babarengan, ku kituna urang kudu ngajaga sagala tingkah polah sangkan teu nganyeuuri hatékeun batur, sarta di masarakat téh katitén masih aya kénéh tradisi kolot anu dipercaya.

Katilu, ajén atikan agama nya éta ajén anu pangluhurna. Dina kahirupan sapopoé motivasi nu pangpentingna nya éta agama. Cecekelan dina kahirupan téh nya éta agama, unggal agama ngajarkeun ajaran moral, ajaran sosial. Pamali dina kakandungan anu kaasup kana ajén atikan agama aya 7.

Dina agama Islam jelas-jelas geus ngalarang naon waé anu sakirana matak ngabaluarkeun goréng atawa ngarugikeun, boh keur dirina sorangan, boh keur batur. Tangtuna deui adat jeung tradisi pamali boga mangfaat anu sarua. Sagala tingkah polah urang di dunya téh didadasaran anu jadi bénténgna mah nya éta agama, sabab jodo, pati, bagja, cilaka mung Allah SWT nu uninga.

Pedaran pamungkas tina hasil panalungtikan nya éta ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII, ku kituna dina kriteria milih bahan ajar maca nurutkeun Nasution (dina Haerudin & Kardana, 2013, kc. 77) bahan kudu dipilih dumasar kana lima hal, nya éta: 1) tujuan anu hayang kahontal; 2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa; 3) dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna; 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmu; jeung 5) luyu jeung kabutuh katut minat murid. Pikeun kahareupna kawilang hasil atawa henteu ieu bahan pangajaran maca atikel

Sri Apriyanti , 2015

PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

budaya, gumantung kana téhnik jeung métode anu digunakeun ku guru. Salian ti éta, tangtuna guru téh kudu nyaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh sarta kaayaan peserta didik sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran anu dipimaksud.